

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Desain Panalungtikan

Métode anu dipaké dina panalungtikan ieu nya éta métode Quasi ékspérimén, anu tujuan na pikeun ngadémonstrasikeun ayana prosés *sebab-akibat* antara *variabel bebas* jeung *variabel terikat*.

Numutkeun sawatara ahli, salasihijina Sugiyono (2009: 107) nyebutkeun yén: “*Metode Eksperimen adalah metode penelitian yang digunakan untuk mencari pengaruh perlakuan tertentu terhadap yang lain dalam kondisi yang terkendalikan*”.

Métode ékspérimén anu dipilih dina ieu panalungtikan nya éta quasi ékspérimén (*Quasi Experiment*), ngagunakeun desain “*One Group Pre-test and Post-test*”. Desain “*Pre-test and Post-test Group*” nya éta panalungtikan anu ditujukeun ka hiji kelompok (teu maké kelompok pembandingan). Prosés panalungtikan dina ieu desain dilakukeun ku cara nganalisis *treatment* (X) ngaliwatan skor anu dimeunangkeun tina hasil ngalaksanakeun Praté (O₁) jeung Postés (O₂).


Ieu panalungtikan ngabogaan tujuan pikeun mikanyaho sacara *signifikan* aya béda atawa henteuna antara hasil tés mimiti (pratés) sarta hasil tés ahir (postés) dina hiji kelompok ékspérimén. Desain panalungtikan ékspérimén anu dipilih nya

Septian Adi, 2012

Metode Pangajaran Multisensor Dina Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Aksara Sunda

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu

éta desain ti Arikunto (2002:85). Desain panalungtikanna bisa ditinggali di handap ieu:



3.2 Variabel jeung Wangenan Operasional

3.2.1 Variabel Panalungtikan

Numutkeun Hact jeung Farhady (1981) “*Variabel penelitian adalah atribut seseorang atau objek yang mempunyai variasi antara satu orang dengan yang lain atau satu objek dengan objek lain*” (Sugiyono, 2007: 60). Aya dua variabel anu dipaké dina ieu panalungtikan, nya éta variabel bébas jeung variabel kauger. Variabel bébas nya éta variabel anu mangaruhan kana variabel lianna (Sunanto, dkk. 2006:12). Dina ieu panalungtikan nu jadi variabel bébas nya éta métode multisénsori salaku faktor anu mangaruhan. Variabel anu hiji deui nya éta variabel kauger. Variabel kauger minangka variabel anu dipangaruhan ku variabel bébas (Sunanto, dkk. 2006:12). Dina ieu panalungtikan anu jadi variabel kauger nya éta kamampuh siswa SMA Pasundan 1 Bandung dina nulis aksara Sunda.

3.2.2 Wangenan Operasional

Sangkan dina ieu panalungtikan miboga persépsi anu luyu jeung tiori, di handap ieu dipedar sababaraha istilah anu aya patalina jeung judul panalungtikan, nya éta:

Septian Adi, 2012

Metode Pangajaran Multisensor Dina Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Aksara Sunda

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu

- 1) Méthode pangajaran multisénsori nya éta salasahiji méthode pangajaran anu ngagunakeun indera panempo (visual), pangrungu (auditori), panggerak (kinestetik), jeung pangrampa (taktil).
- 2) Kamampuh minangka kaparigelan siswa dina ngebréhkeun rasa, pikiran, jeung kahayang..
- 3) Nulis minangka hiji kagiatan ngalukiskeun lambang-lambang grafik anu ngagambarkeun basa hiji jalma.
- 4) Aksara Sunda nya éta aksara anu dipaké ku karuhun urang Sunda pikeun ngawangun komunikasi tinulis.

Maksud tina judul “Méthode Pangajaran Multisénsori dina Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Aksara Sunda” nya éta hiji kagiatan diajar nulis ngagunakeun méthode pangajaran multisénsori kalawan saléngkah-saléngkah nepi ka siswa bisa nyangking pangaweruh ngeunaan pangajaran aksara Sunda.

3.3 Instrumén Panalungtikan

Sugiyono (2009:148) nétélakeun yén: *“Instrumen penelitian adalah suatu alat yang digunakan untuk mengukur fenomena alam maupun sosial secara diamati”*. Instrumén anu dipaké dina panalungtikan ieu nyaéta tés. Numutkeun Arikunto (2002:53) yén: *“Tes adalah alat ukur atau prosedur yang digunakan untuk mengetahui atau mengukur sesuatu dalam suasana, dengan cara dan aturan-aturan yang sudah ditentukan.”* Léngkah-léngkah dina nyieun instrumén tés nya éta:

Septian Adi, 2012

Metode Pangajaran Multisensor Dina Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Aksara Sunda

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu

- 1) Nangtukeun bahan tés;
- 2) Nyieun kisi-kisi soal;
- 3) Nyieun pertanyaan nu luyu jeung kisi-kisi soal;
- 4) Nyieun jawaban tina soal-soal nu dijieun;
- 5) Mariksa tur nyarungsum soal.

Instrumén tés nu digunakeun pikeun ngukur kamampuh siswa dina pangajaran nulis aksara Sunda téh nya éta 10 soal wangun isian singget. Saméméh nyieun soal, perlu dijieun heula kisi-kisina. Kisi-kisi soal diperlukeun sangkan soal nu bakal dijieun téh puguh watesannana. Kisi-kisi soal nu dimaksud nya éta kisi-kisi soal kamampuh siswa dina nulis aksara Sunda. Anapon kisi-kisi soal jeung instrumén dina ieu panalungtikan disimpen dina lampiran.

3.4 Téhnik Panalungtikan

3.4.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Dina ieu panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data anu dipaké nya éta tés. Tés digunakeun pikeun ngukur kamampuh siswa dina nulis aksara Sunda. Aya dua bentuk tés dina panalungtikan ieu nya éta pratés anu dipaké pikeun ngukur kamampuh siswa saacan dibéré matéri pangajaran ngaliwatan métode multisénsori, sarta postés anu dipaké pikeun ngukur kamampuh siswa saprak dibéré matéri pangajaran ngagunakeun métode multisénsori.

Anapon léngkah-léngkah anu dilaksanakeun pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nya éta:

- 1) Nangtukeun sampel panalungtikan.

Septian Adi, 2012

Metode Pangajaran Multisensor Dina Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Aksara Sunda

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu

- 2) Ngalaksanakeun pratés (O_1) dina sampel panalungtikan pikeun mikanyaho kamampuh nulis aksara Sunda siswa saacan dibéré perlakuan (*treatment*).
- 3) Ngalakukeun *treatment* (X) atawa perlakuan, dina sampel panalungtikan nyaéta méré materi pangajaran aksara Sunda ngaliwatan métode multisensori.
- 4) Ngalaksanakeun postés (O_2) dina sampel panalungtikan pikeun mikanyaho kamampuh nulis aksara Sunda siswa saprak dibéré perlakuan (*treatment*).

3.4.2 Téhnik Ngolah Data

Data anu geus aya tuluy dianalisis ngagunakeun uji wilcoxon. Sabab dina uji wilcoxon ieu bisa digunakeun pikeun panalungtikan anu data sampelna kawatesanan. Anapon léngkah-léngkah ngolah data diantarana nya éta:

- 1) Méré nilai atawa skor *Pre-test* jeung *Post-test*.
- 2) Skor *Pre-test* jeung *Post-test* dijieun kana tabél.
- 3) Ngitung ganjorna (d) *Pre-test* jeung *Post-test*.
- 4) Nyeiun *rank* (teu merhatikeun tanda). Saupama aya *rank* anu sarua, mangka anu dipakéna nyaéta *rank* rata-rata.
- 5) Réngking anu tandana negatif (-) dipisahkeun jeung réngking anu tandana positif (+), tuluy diasupkeun kana tabél.
- 6) Ngajumlahkeun kabéh *rank* anu tanda na positif, sarta *rank* anu tandana negatif ogé sarua dijumlahkeun.
- 7) Di antara jumlah *rank* anu positif jeung negatif dicokot *rank* anu pangleutikna pikeun nangtukeun tanda (T).

Septian Adi, 2012

Metode Pangajaran Multisensor Dina Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Aksara Sunda

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu

- 8) Ngabandingkeun peunteun T tina hasil nu di luhur jeung peunteun T nu aya dina tabél niléi kritis uji Wilcoxon.
- 9) Nguji hipotésis ngagunakeun kritéria nyokot kaputusan di handap:

$$\begin{aligned} H_0 \text{ ditolak} &= T_{\text{hitung}} \leq T_{\text{tabel}} \\ H_0 \text{ diterima} &= T_{\text{hitung}} > T_{\text{tabel}} \end{aligned}$$

(Saputra, 2007: 95)

3.5 Sumber Data

Sumber data dina ieu panalungtikan nya éta siswa kelas X-2 SMA Pasundan 1 Bandung. Tina éta sumber data dijaring kamampuh nulis aksara Sunda ngagunakeun métode multisénsori.

Septian Adi, 2012

Metode Pangajaran Multisensor Dina Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Aksara Sunda

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu